



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ACHÈVMAN PWOJÈ RANPLASMAN AK REYABILITASYON TERAS PON 47.6 MILYON DOLA A SOU PON CASTLETON-ON-HUDSON NAN**

***Pon Castleton-On-Hudson nan se yon konektè prensipal ant konte Rensselaer ak Albany epi li desèvi plis pase 6.2 milyon veyikil chak ane***

***Yo te fini pwojè yo atan epi yo te respekte bidjè a***

***Dezyèm pwojè a pral ranplase teras nan direksyon lès la ke yo prevwa k ap kòmanse an 2024 ap itilize [sibvansyon federal 21 milyon dola](#) yo te bay nan kad **Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la*****

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon gwo pwojè amelyorasyon enfrastrikti 47.6 milyon dola sou Pont Castleton-On-Hudson ki fèt atan ak selon bidjè ki gen apeprè 1609 km longè sou Rivyè Hudson ant konte Albany ak Rensselaer. Pwojè twa ane a te gen ladan ranplasman konplè teras pon vwa sikilasyon nan direksyon lwès la ak reparasyon teras ak revètman asfalt sou vwa sikilasyon nan direksyon lès yo, ansanm ak reparasyon asye pon an, ranplasman medyan santral ak lòt amelyorasyon sekirite yo.

"New York kontinye fè investisman istorik pou rekonstwi ak ranfòse enfrastrikti transpò nou yo atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plizyè milye Nouyòkè ak konpayi konte sou Pon Castleton-on-Hudson lan chak jou. Avèk pwojè reyabilitasyon sa a ki fini kounye a, pòtay enpòtan sa a ka pi byen desèvi ak konekte kominote yo nan rejyon an pou ane k ap vini yo".

Pon Castleton-On-Hudson nan, ke tout moun konnen sou non Pon Castleton (Castleton Bridge), te ouvri pou sikilasyon nan ane 1958 epi li gen yon longè ki apeprè 1609 km, pandan li konekte seksyon Berkshire Spur a ak liy prensipal Thruway la. Apeprè 6.2 milyon veyikil chak ane oswa 17,000 chak jou sikile sou pon asye ble anblematik la ki konekte konte Albany ak Rensselaer sou Rivyè Hudson nan.

Jan yo te anonse sa an [avril 2023](#), Otorite Thruway (Thruway Authority) te bay yon sibvansyon federal 21 milyon dola, nan kad Pwogram Investisman nan Pon Administrasyon Federal Otowout Depatman Transpò (Department of Transport, DOT)

Etazini, pou sipòte plis restorasyon Pon Castleton-on-Hudson. Sibvansyon an pral konplete depans yon dezyèm pwojè pou ranplase teras pon an nan direksyon lès la epi adrese reparasyon asye ak karakteristik sekirite antretyen yo. Sibvansyon 21 milyon dola a pral aplike dirèkteman pou konpanse depans sa a pou ranplase teras pon an nan direksyon lès la ke yo prevwa k ap koute apeprè 30 milyon dola. Yo prevwa kòmanse nan prentan 2024.

Avèk achèvmman de pwojè sa yo, dire lavi sèvis yo prevwa pou gwo estrikti a pral pwolonje jiska 50 ane.

**Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank Hoare, te deklare,** "Otorite Thruway ap re-vesti lajan peyaj yo nan pwojè transfòmasyon yo k ap rekonstwi ak modènize yon sistèm transpò ki gen prèske 70 ane. Pwojè tankou reyabilitasyon Pon Castleton-on-Hudson amelyore vwayaj pou plizyè milyon moun chak ane epi amelyore koneksyon ak ekonomi rejyonal yo. Nou pa ka tann pou nou kòmanse dezyèm faz konstriksyon an ane pwochèn lè nou ranplase vwa teras pon an nan direksyon lès yo gras ak sibvansyon 21 milyon dola Depatman Transpò Etazini ak Administrasyon Otowout Federal te bay atravè Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la epi n ap kontinye chèche opòtinite pou aplike epi resevwa plis finansman nan men gouvènman federal la".

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Travay ant Konte Albany ak Rensselaer pou rezidan Rejyon Kapital yo vin pi fasil. Pon Castleton-On-Hudson se yon konekte enpòtan anpil nan Distri Kapital la, men pandan plizyè ane enfrastrikti ki t ap degrade li yo te mete vwayajè yo an danje epi te anpeche devlopman ekonomik. Mwen fyè dèske m te bay plizyè dizèn milyon dola nan finansman federal atravè Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bipatit la pou ede finalman konble diferans lan pou konplete reyabilitasyon Pon Castleton-On-Hudson. Finansman federal enpòtan sa a pral pwolonje lavi sèvis pon an sou plis pase 50 ane – sa k ap kreye travay ki byen peye, ranfòse ekonomi lokal la epi pèmèt vwayajè yo deplase yon fason ki pi an sekirite ak pi pwoteje chak jou nan Rejyon Kapital la".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Pon Castleton-on-Hudson se yon pati enpòtan nan enfrastrikti ki konekte kominote nou yo, epi mwen kontan wè pwogrè k ap fèt nan sekirite avni li. An avril, mwen te fyè pou m akeyi Sekretè Buttigieg nan Rejyon Kapital la pou m te anonse finansman ki te fè pwojè sa a posib. Kounye a, gras a investisman nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a, pon sa a pral ede asire ke pon an rete an sekirite ak fyab pou ane k ap vini yo, sa ki sipòte sikilasyon machandiz ak moun nan Rejyon Kapital la ak pi lwen. Se yon gwo viktwa pou rejyon nou an, kominote nou yo ak rezidan yo epi mwen pa ka tann pou nou kontinye travay nou an pou founi investisman ki kenbe estati rejyon nou an kòm yon sant aktivite ekonomik k ap pwospere".

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Pon Castleton-On-Hudson se yon lyen enpòtan ant Konte Albany ak Rensselaer epi li enpòtan anpil pou ede satisfè bezwen transpò ak bezwen ekonomik Distri Kapital la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, ansanm ak Otorite Thruway Eta New York (NYS Thruway Authority), pou angajman kontinyèl yo pou asire tout bezwen enfrastrikti transpò nou yo satisfè".

**Senatè Eta Jacob Ashby te deklare,** "Plizyè milyon otomobilis pral kontan konnen reparasyon enpòtan sa yo fini. Pon Castleton lan se enfrastrikti ki esansyèl. Se te yon investisman enpòtan nan ekonomi rejyonal nou an ak nan transpò an sekirite, epi mwen kontan sipòte li".

**Manm Asanble Chris Tague, te deklare,** "Aprè twa ane, amelyorasyon 47.6 milyon dola nan Pon Castleton lan finalman fini. Depi 1958, pon an te aji kòm yon konektè prensipal ant Konte Rensselaer ak Albany, ki desèvi anviwon 6.2 milyon veyikil chak ane. Yo t ap tann amelyorasyon sa yo depi lontan. Nou rekonesan anpil dèske nou te literalman konble diferans ki genyen ant kominote yo ak amelyore enfrastrikti nou an, sa k ap kreye yon New York ki pi an sekirite ak pi aksesib".

**Manm Asanble Scott Bendett, te deklare,** "Achèvman pwojè pon atravè Otorite Thruway Eta New York ki koute 47.6 milyon dola pou ranplase teras pon ak reyabilite Pon Castleton-on-Hudson se yon gwo viktwa pou Konte Rensselaer ak Konte Albany. Anpil moun nan kominote nan rejyon nò eta nou an konte sou pon sa a chak jou, epi avèk achèvman efò reyabilitasyon sa yo ki te dire twa ane, pon an ap kontinye fonksyone pandan plizyè ane k ap vini yo".

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Mwen kontan wè renovasyon pyès kle enfrastrikti sa a fini. Plizyè milye rezidan ki soti nan Coeymans ak nan tout Konte Albany konte sou li chak jou pou yo travèse Hudson, epi yo merite konnen pon yo an sekirite ak gen bon jan kalite. Se yon reyalizasyon enpòtan, epi mwen vle remèsye Otorite Thruway Eta a paske yo pèmèt li reyalize".

L&T Construction nan Richmondville, New York (Konte Schoharie), se te kontraktè pwojè a pou premye faz pwojè sa a. Bidjè 2023 Otorite a ke yo te apwouve a investi yon total 413 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital li a, ki pwograme pou investi 1.9 milya dola nan pwojè kapital jiska 2027. An 2022, otomobilis yo te fè plis pase 376 milyon vwayaj epi yo te kondwi 12 milya kilomèt sou sistèm Thruway la.

###